

*Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması*

# AWIL, TOǴAY
# HÁM BALIQ XOJALIǴI

2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarında awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı ónim (xızmet)leriniń ulıwma kólemi 6680,6 mlrd.swmdı yáki 2017 jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda 103,0 payızdı, sonnan dıyxanshılıq hám sharwashılıq ańshılıq hám bul tarawda kórsetilgen xızmetler 6497,4 mlrd.swmdı (102,5 payız), toǵay xojalıǵında – 80,2 mlrd.swmdı (101,6 payız), balıqshılıq xojalıǵında -103,0 mlrd.swmdı (155,0 payız) quradı.

Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı ónim(xızmet)ler kóleminiń ósiwi tıykarınan, dıyxanshılıq hám sharwashılıq, balıq, toǵay hám bul tarawda kórsetilgen xızmetler kóleminiń sezilerli dárejede ósiwinde kóriwge boladi.

Ásirese, joqarı ósim pátleri Moynaq rayonında (146,6 payız), Ámiwdarya (111,2 payız), Ellikqala (107,5 payız), rayonlarında kórindi, Nókis rayonında (91,4 payız) hám Qońırat (94,9 payız) bolsa kerisinshe pás kórsetkish gúzetildi.

**Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı**
**ónim (xızmet)leriniń kólemi**




Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı ónim (xızmet)leriniń ulıwma kólemde Ámiwdarya rayonınıń úlesi 17,9 payız boldı, Beruniy 12,5 payız, Tórtkul hám Ellikqala rayonlarında 11,4 payız hám 11,0 payız kórsetkish penen keyingi orinlardı iyeledi. Eń kem úlesti Nókis qalası kórsetkishi bolıp 0,6 payızdı kórsetti.

# AWlL, TOĠAY HÁM BALlQ XOJALlĠl

**Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı ónim (xızmet)ler kóleminiń rayonlar kesiminde bólistiriliwi**




## <u>Awıl xojalıǵı ónimleri.</u>

2018 jıldıń yanvar–dekabr aylarında islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleri kóleminiń 2017 jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda ósimi 102,5 payızda, sonnan, dıyxanshılıq ónimleri 98,4 payızda, sharwashılıq ónimleri – 106,1 payızda boldı.

Xojalıq túrleri boyınsha analizler, awıl xojalıǵı ónimler ulıwma kóleminiń 70,6 payızı dıyxan (járdemshi) xojalıqlarına, 27,4 payızı fermer xojalıqlarına, 2,0 payızı awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keliwin kórsetpekte.

**Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleriniń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi**



# AWİL, TOǴAY HÁM BALİQ XOJALIǴI

**Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleriniń xojalıq túrleri boyınsha rayonlar kesiminde bólistiriliwi**





**Dıyxanshılıq:** 2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarında islep shıǵarılǵan dıyxanshılıq ónimleriniń kólemi 2952,5 mlrd.swmdı yaki 2017 jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda 98,4 payızda boldı. Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleriniń ulıwma kólemde dıyxanshılıq ónimleriniń úlesi 45,7 payızdı quradı.

**Ónim jıynap alıw:** Usı jıldıń yanvar–dekabr aylarında 242702 tonna dán (81,9 payız), 67736 tonna kartoshka (110,3 payız), 247319 tonna ovosh (101,3 payız), 138558 tonna palız (102,6 payız), 49750 tonna miywe (105,8 payız) 7323 tonna júzim (105,7 payız) ónimleri jıynap alındı.

**2018-jıldıń yanvar-dekabr aylarında xojalıq túrleri boyınsha tıykarǵı túrdegi dıyxanshılıq ónimlerin islep shıǵarıw**

| | Fermer xojalıqları | | Dıyxan (járdemshi) xojalıqları | | Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | *tonna* | *Ósim páti payızda* | *tonna* | *Ósim páti payızda* | *tonna* | *Ósim páti payızda* |
| Jámi dán ónimleri | 167150 | 77,3 | 70693 | 98,8 | 4859 | 55,1 |
| Kartoshka | 16993 | 116,9 | 50181 | 108,4 | 562 | 96,7 |
| Ovosh | 69967 | 100,6 | 174389 | 101,9 | 2963 | 88,3 |
| Palız | 61841 | 95,7 | 74949 | 109,8 | 1768 | 85,1 |
| Miywe | 13998 | 100,7 | 29983 | 108,6 | 5769 | 104,7 |
| Júzim | 937 | 100,0 | 6043 | 104,5 | 343 | 162,6 |

# AWİL, TOǴAY HÁM BALIQ XOJALIǴI



**Sharwashılıq:** 2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarında sharwashılıq ónimlerin islep shıǵarıw kólemi 3502,6 mlrd swmdı yamasa 2017 jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda 106,1 payızda boldı. Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleriniń ulıwma kólemde sharwashılıq ónimleriniń úlesi 54,3 payızdı quradı.

Barlıq túrdegi sharwashılıq ónimleriniń kóbeyiwi gósh islep shıǵarıw kóleminiń 5,1 payızǵa, sút 3,4 payızǵa, máyek 16,6 payızǵa ósiwinen kóriwge boladı.

2018 jıldıń yanvar-dekabr aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen tiri salmaqta 106,5 mıń tonna gósh, 376,5 mıń tonna sút, 303,1 mln dana máyek, 81529 dana qarakól teri hám 1303,0 tonna jún ónimleri islep shıǵarıldı.



**Tıykarǵı túrdegi sharwashılıq ónimlerin islep shıǵarıwda xojalıq túrleriniń úlesi**




Sharwashılıq ónimlerin islep shıǵarıw kórsetkishlerin xojalıqlar túrleri boyınsha analiz qılǵanımızda, tiri salmaqta góshtiń ulıwma kóleminen 97,0 payızı dıyxan (járdemshi) xojalıqları esabına tuwrı keliwin aytıp ótiwimiz tiyis, sonnan súttiń 94,4 payızı, máyektiń 87,1 payızı, qarakól teriniń 94,8 payızda dıyxan (járdemshi) xojalıqları esabına tuwrı keledi.

**2018 jıl yanvar-dekabr aylarında islep shıǵarılǵan sharwashılıq ónimleri**

| | *Muǵdarı* | *Ósim páti payızda %* |
|---|---|---|
| **Gósh (tiri salmaqta), *mıń t.*** | **106,5** | **105,1** |
| *sonnan:* | | |
| Fermer xojalıqları | 2,6 | 108,5 |
| Dıyxan (járdemshi) xojalıqlar | 103,3 | 105,3 |
| Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 0,6 | 80,6 |
| **Sút, *mıń t.*** | **376,5** | **103,4** |
| *sonnan:* | | |
| Fermer xojalıqları | 17,7 | 113,0 |
| Dıyxan (járdemshı) xojalıqlar | 355,4 | 103,0 |
| Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 3,4 | 107,8 |
| **Máyek, *mln. dana*** | **303,1** | **116,6** |
| *sonnan:* | | |

| | *Muǵdarı* | *Ósim páti payızda %* |
|---|---|---|
| Fermer xojalıqları | 17,8 | 133,7 |
| Dıyxan (járdemshi) xojalıqlar | 264,0 | 109,5 |
| Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 21,3 | 3,7m |

**Iri shaqlı qaramallar hám quslar bas sanı**

Usı jıldıń 1 yanvar halatına iri shaqlı qaramallardıń ulıwma bas sanı 1094,2 mıń basqa, sonnan sıyırlar 315,3 mıń basqa, qoy hám eshkiler 1087,1 mıń basqa,atlar 23394 bas, quslar 4165,6 mıń basqa jetti.

2017 jıldıń sol dáwiri menen salıstırǵanda barlıq túrdegi xojalıqlarda iri shaqlı qaramallar bas sanı 36,2 mıń basqa (3,4 payızǵa), sonnan sıyırlar 12,4 mıń basqa (4,1 payızǵa), qoy eshkiler 55,3 mıń basqa (5,4 payızǵa), quslar 0,3 mln basqa (7,6 payızǵa) kóbeydi.

2018 jıldıń 1 yanvar jaǵdayına iri shaqlı qaramallar bas sanı tuwrısındaǵı maǵlıwmatlardı xojalıq túrleri boyınsha analizleytuǵın bolsaq, iri shaqlı qaramallardıń 4,5 payızı fermer xojalıqları esabına, 94,7 payızı dıyxan (járdemshi) xojalıqlarǵa, 0,8 payızı awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keliwin aytıp ótiw tiyis, usıǵan sáykes, qoy hám eshkilerdiń ulıwma sanınan 10,0 payızı fermer xojalıqlarına 88,6 payızı dıyxan (járdemshi) xojalıqlarına 1,5 payızı awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keledi, sonnan quslardıń ulıwma sanınan 5,7 payızı fermer xojalıqlarına, 89,4 payızı dıyxan (járdemshi) xojalıqlarına, 4,9 payızı awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keledi.

**2018 jıl 1 yanvar halatına sharwa malları hám quslar bas sanı**

| | *Mıń bas* | *Ósim páti payızda %* |
|---|---|---|
| **Iri shaqlı qaramal** | **1094,2** | **103,4** |
| *sonnan:* | | |
| Fermer xojalıqları | 49,3 | 107,6 |
| Dıyxan (járdemshi) xojalıqlar | 1035,8 | 103,2 |
| Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 9,1 | 107,6 |
| **sonnan sıyırlar** | **315,3** | **104,1** |
| *sonnan:* | | |
| Fermer xojalıqları | 15,6 | 106,7 |
| Dıyxan (járdemshi) xojalıqlar | 297,1 | 104,0 |
| Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 2,6 | 103,5 |
| **Qoy hám eshkiler** | **1087,1** | **105,4** |
| *sonnan:* | | |
| Fermer xojalıqları | 108,3 | 128,7 |
| Dıyxan (járdemshi) xojalıqlar | 962,9 | 102,8 |
| Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 15,9 | 141,4 |
| **Atlar** | **23,4** | **106,1** |
| *sonnan:* | | |

| | *Mıń bas* | *Ósim páti payızda %* |
|---|---|---|
| Fermer xojalıqları | 4,0 | 124,5 |
| Dıyxan (járdemshi) xojalıqlar | 19,1 | 102,6 |
| Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 0,3 | 126,3 |
| **Quslar** | **4165,6** | **107,6** |
| *sonnan:* | | |
| Fermer xojalıqları | 236,3 | 100,9 |
| Dıyxan (járdemshi) xojalıqlar | 3725,1 | 106,5 |
| Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 204,2 | 145,2 |

**Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması**
**Awıl xojalıǵı hám ekologıya statistikası bólimi**
Baspa ushın juwapker: **N. Madreymov**
(61) 222-76-07